





konesans, pwen yo te fè nan ti tès demaraj la pa t twò diferan. Poutan, apre sa, tès yo fè yo sibi nan fen kou a revele elèv ki te suiv kou a an kreyòl yo pi byen konprann kou a e yo te fè plis pwen pase gwoup ki te suiv li an franse a, ni pou matematik ni pou syans (sof nan de ou twa klas, nan chak ka).

Men, pati ki pi enteresan nan travay Behrman lan, se petèt pati kalitatif la. Malgre elèv sa yo konnen e konstate yo pi byen konprann nosyon yo an kreyòl, malgre yo rekonnèt se lang sa a yo konprann pi byen, se li yo pale lakay yo (e pou anpil nan yo se sèl yo ki ka pale franse lakay yo), yo rete kwè se franse k ap ba yo plis chans reyisi. Analiz kalitatif la montre tou fonksyonman lekòl la menm, oswa jan pwofesè yo wè e trete tout moun ki eseye pale kreyòl, tout sa yo kontribye nan devalorize lang kreyòl la nan je elèv yo, malgre elèv yo rekonnèt, si kou yo te fèt an kreyòl, yo t ap konprann pi byen.

Men temwayaj youn nan elèv yo :

*Menm si m p ap di anyen entèlijan an franse, pale m pale l la gentan fè m pase pou yon moun entèlijan. Gen pwofesè ki p ap menm di m ki lè l ye si m adrese yo an kreyòl. M pa menm bezwen imajine kòman sa ye nan nivo inivèsite. (Yon elèv reto)*

Men, temwayaj ki petèt pi frapan an, e se li ki itilize pou titre atik sa a, se temwayaj yon elèv ki di paran l yo se pou sa menm yo voye l lekòl : pou l aprann pale franse.

*Se poutèt sa menm yo voye m lekòl, pou m ka aprann franse. (Yon elèv setyèm ane)*

Se kòm si aprann lòt bagay yo te mwen enpòtan pase aprann franse. Petèt nan lekòl Ayiti a, lòt aprantisaj yo pa t janm pi enpòtan pase sa. Si yo te enpòtan, yo t ap fèt an kreyòl. Paske jan etid nou te prezante yo ak anpil lòt montre sa, pa gen pi bon lang pase lang manman pou aprantisaj tout bon rive fèt. Lekòl Ayiti pa ka kontinye fè ti moun yo gaspiye 13 lane nan lavi yo pou yo ka (mal) aprann pale franse. Yon peyi tèt an wo p ap posib ak modèl [lekòl tèt an ba](#) sa a.